ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№190 (23.348) ● 2016 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**2016 - 2017 гъэ еджэгъуэм Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм папщIэ сэлэтхэм, матросхэм, сержантхэм, старшинахэм я дзэ-учёт IэщIагъэхэм Урысей Федерацэм и цIыхухэр хуэгъэхьэзырыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм фокIадэм и 26-м* *Налшык къалэ*

*№174-ПП*

«Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ пэщIэдзэ профессиональнэ, курыт профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ сэлэтхэм, матросхэм, сержантхэм, старшинахэм я дзэ-учёт IэщIагъэхэм Урысей Федерацэм и цIыхухэр хуэгъэхьэзырынымкIэ Инструкцэр къэщтэным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министрым и унафэ №202-уэ 2001 гъэм накъыгъэм и 3-м къыдэкIам ипкъ иткIэ Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм IэщIагъэлIхэр хуагъэхьэзырын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. 2016 - 2017 гъэ еджэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Армэм, авиацэм, флотым щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ добровольнэ обществэ» Урысейпсо жылагъуэ-къэрал организацэм и егъэджэныгъэ IэнатIэхэм дзэ-учёт IэщIагъэхэмкIэ Урысей Федерацэм и цIыхухэр дзэ къулыкъум хуэгъэхьэзырыным теухуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я планыр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссариатым чэнджэщ етын Урысей Федерацэм и цIыхухэу 2017 гъэм дзэ къулыкъум ираджэн хуейхэр муниципальнэ район, къалэ округхэм я щIыпIэ администрацэхэр и гъусэу хэплъыхьауэ къыхахыныр икIи ягъэхьэзырыныр къызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и къудамэхэм дзэм ираджэну ягъакIуэхэр къызэригъэпэщын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Армэм, авиацэм, флотым щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ добровольнэ обществэ» Урысейпсо жылагъуэ-къэрал организацэм и егъэджэныгъэ IэнатIэхэм дзэ-учёт IэщIагъэхэм щыхуагъэсэным узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ зэрыхуэхьэзырым щыхьэт техъуэ медицинэ тхылъхэмкIэ.

4. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну къалэн щыщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Н. Гъу.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

## МурадыфIхэр яIэщ

**«Светловодскэ» гъэш комбинатыр къыщIигъэкI ерыскъыхэкI лIэужьыгъуэхэм зэрыхигъэхъуэным хущIэкъу зэпытщ.**

КОМБИНАТЫМ нобэ иIэщ зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэща лабораторэ. Абы продукцэхэр къызыхащIыкI гъэшыр лъэныкъуэ куэдкIэ (и IувагъкIэ, къабзагъкIэ, къэуату щIэлъыр зыхуэдизымкIэ) щыуагъэншэу къыщапщытэ. Иджырей технологиехэмкIэ шэм елэжьа нэужь абы къыхащIыкI экологие къабзагъэрэ IэфIагъкIэ дэбгъуэн щымыIэу шатэ, кхъуей, кхъуейлъалъэ, кхъуейлъалъэ пкъыгъуэхэр.

- «Молочная лавка», «Диво» фIэщыгъэхэм щIэту дгъэхьэзыр ерыскъыхэкIхэр гъэш къабзэм къыхыдощIыкI. Къэтш гъэшыр пIалъэкIэ мащIэ щыхъум дежщ шэ хьэжыгъэр мащIэ дыдэу къыщыдгъэсэбэпыр. Дауэ мыхъуми, ГОСТ-м и щапхъэхэм ткIийуэ дытетщ, - жиIащ лабораторэм и унафэщI Теувэжыкъуэ Ларисэ.

Я гъэшхэкIхэр ди щIыналъэм и сату щIыпIэхэм къыщынэмыщIауэ, Ставрополь крайм, Ростов областым, Къырымым ирагъашэ. Комбинатыр адэкIи хущIэкъунущ продукцэ лIэужьыгъуэ нэхъыбэ къызэрыщIигъэкIынымрэ и щэхуакIуэхэм къызэрыхигъэхъуэнымрэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 29, *махуэку***

♦**Тенджызым и дунейпсо махуэщ**
♦**Гум и дунейпсо махуэщ**
♦**1916 гъэм** «Стандарт Ойл» компаниер къызэзыгъэпэща Рокфеллер Джон дунейм япэу мелардырыбжэ щыхъуащ
♦**1956 гъэм** Совет Союзым къыщызэрагъэпэщащ зауэм хэтахэм я комитет.
♦Япэ адыгэ тхакIуэ, генерал-майор **Къаз-Джэрий СултIан** къызэралъхурэ илъэс 209-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ цIэрыIуэ **Островский Николай** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Хьэбэчыр Умар** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
♦Кхъухьлъатэзехуэ, генерал-лейтенант, Сирием и лIыхъужь **Абазэ Мамдухь** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Италием щыщ политик цIэрыIуэ, а къэралым и Министрхэм я Советым и унафэщIу щыта **Берлускони Сильвио** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Демидовэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Урысей тележурналист цIэрыIуэ **Крылов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦Чилим и президенту нэхъапэм цIыхубз зэи хамыхауэ а къулыкъур зыхуагъэфэща **Бачелет Мишель** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Быдэ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.
♦Албанием и президент **Нишани Буяр** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.
♦Украинэм щыщ футболист цIэрыIуэ, «Дыщэ топ» саугъэтыр 2004 гъэм зыхуагъэфэща **Шевченкэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 30, *мэрем***

♦**ЗэдзэкIакIуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Абхъаз Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит зэрыхъуар егъэлъапIэ**
♦**1882 гъэм** дунейм щыяпэу Фокс псым (США) электростанц тращIыхьащ.
♦**1928 гъэм** инджылыз микробиолог Флеминг Александр жиIащ пенициллин хущхъуэр зэрызэхилъхьар.
♦**1946 гъэм** Нюрнберг трибуналым нацист щIэпхъаджащIэхэм я судыр ищIащ.
♦**1960 гъэм** Налшык лэжьэн щыщIидзащ алэрыбгъу щащI «Горянка» фабрикэм.
♦**1967 гъэм** дунейм щыяпэу хьэршым щызэпыуващ кхъухьитI - ахэр СССР-м и «Космос-186»-мрэ «Космос-188»-мрэт.
♦Совет математик, астроном, геофизик цIэрыIуэ, «Совет щIэнгъуазэшхуэ» япэ псалъалъэм и редактор нэхъыщхьэу щыта **Шмидт Отто** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦Урысей театр режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зрата **Любимов Юрий** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу
♦США-м щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и лэжьыгъэм жыджэру хэт, егъэджакIуэ **Хьэвжокъуэ Маждэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Сирием шынагъуэншагъэмкIэ и къарухэм я генерал-полковник, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Абазэ Уэлид** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист **Мэз Сусаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уи псалъэ гъэIэси, уи нэмыс гъэбыдэ.**

# ЩIыналъибл-вагъуэзэшибл

● Кавказ джэгухэр



**Ди газетым зэрытетащи, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я VII фестивалыр Ингуш Республикэм и къалэ Назрань фокIадэм и 25-м щекIуэкIащ. Абы щызэхуэсащ КИФЩI-м хиубыдэ щIыналъи 7-м я лIыкIуэ 700-м щIигъу.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Кавказ Ищхъэрэм иужьрей илъэсхэм къыщрахьэжьа Iуэхугъуэ щхьэпэм и япэ зэхуэсыр Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз районым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым «Кавказ джэгухэр» Черкесск ягъэIэпхъуащ. Ещанэ зэхуэсыр 2012 гъэм Налшык, еплIанэр 2013 гъэм Псыхуабэ щызэхашауэ щытащ. АдэкIэ фестивалыр 2014, 2015 гъэхэм Грознэрэ Мэхъэчкъалэрэ щекIуэкIащ.

ФокIадэм и 24-р уфарэ уэшхырилэу екIуэкIами, дыщежьа пщэдджыжьым дыгъэр гъуэгу тетхэми щIыпIэрысхэми гуапэу къытхуепсыжат.

Мыгъэрей зэхыхьэм щызэхуэсын мурад зиIэхэр Назрань дэт стадион нэхъыщхьэм, Аушев Рашид и цIэр зезыхьэм, и дыхьэпIэм сыхьэти 10-м дыщызэрихьэлIащ.

Псоми гуапэу япыкъуэкI бысымхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа журналистхэм увыпIэ, тIысыпIэ щхьэхуэхэр къытлъагъэсащ. Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIа хьэщIэхэр куэду щрагъэблагъэ мыпхуэдэ зэхуэс ин Ингуш Республикэм япэу щрагъэкIуэкIыу арати, абы и лэжьыгъэр мамыру, зэпIэзэрыту къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ ялэжьари мащIэкъым. Стадионыр Iэхуитлъэхуитт, гъэщIэрэщIат, цIыхухэр нэшхуэгушхуэт.

ФIэхъус псалъэхэр къызыхэщ макъ лъэщ къэIуащ. Стадионым щызэхуэсахэм абыкIэ къыдгурагъэIуащ махуэшхуэм иращIэкIыну гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм зэрыщIадзэр.

### КъызэIухыкIэр телъыджэт

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я VII фестивалым и къызэIухыкIэр дгъэщIэгъуащ. Ингушхэр а лъэныкъуэмкIэ къыттекIуауэ къэтлъытащ «Кавказ джэгухэр» щекIуэкIа адрей щIыналъэ псоми.

ЯпэщIыкIэ, нарт щIыналъэм и псэукIэм и дахагъэр зыхуэдэр къагъэлъагъуэу, утыкум къихутащ цIыху куэдыкIей, адыгэ фащэ зэмыфэгъубэр къащылыдыкIрэ зэкIужу хуэпахэу. Теплъэгъуэм нэхъри зрагъэубгъуащ, адэ-мыдэкIэ къыкъуэж цIыхухэри нэхъыбэж хъуащ. Дунейр зыфIэIэфIу гуфIэжрэ нэшхуэгушхуэу утыкур «зыхуримыкъу» щIыпIэрысхэм къахэлъэдащ шы емылыджымтеслIынапщIэуфэжь. КIэщIкIэ абы иужь иту нэгъуэщI шу гупышхуи къыкъуэхуащ, языныкъуэхэм я нэкIуи я щхьи щэкI фIыцIабзэхэр кърашыхьэкIыжауэ.

Мамыру псэу цIыхухэм ятеуахэм къапэуващ адыгэ фащэ зыщыгъ цIыхухъухэр, алъандэрэ къабгъэдэта бзылъхугъэхэмрэ ныбжьыщIэ цIыкIухэмрэ яхъумэ щIыкIэу.



(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Прохладнэ щIыналъэ

## МардэщIэхэм тохьэ

**Прохладнэ къалэм дэт Ремонт-механикэ заводым щызэпкъралъхьэ машинэ зэмылIэужьыгъуэхэм яIэ щIэупщIэм къыхохъуэ.**

ГЕРМАНИЕМ и машинэухуэ «Машиненваи ХАНС Тедер» фирмэмрэ мы IуэхущIапIэмрэ я IэщIагъэлIхэм зэгъусэу ягъэхьэзырауэ нобэ заводым къыщIигъэкI зэрысэ, зэрыпщIэ, щIыр зэрагъэщабэ, зэрывэ мэкъумэш техникэхэм сыт и лъэныкъуэкIи фIыуэ зыкъыщагъэлъэгъуащ урысейпсо утыкухэм. КъищынэмыщIауэ, заводым щызэпкъралъхьэ пхъэщхьэмыщхьэ къызэрырашэкI прицепхэр. Ахэр тыншу самосвалхэми, тракторхэми падзэ. КъимыдэкIэ, абыхэм ящIыгъущ губгъуэхэм, жыг хадэхэм къыщрахьэлIэ лэжьыгъэ хьэлъэхэр къащызыгъэпсынщIэ конвейерхэр. Абы щышэщIа лентIхэм пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ телъу лъагэу дрешей икIи цIыхур IэкIэ емыIусэу прицепым ирекIутэ. Прицепхэм я бжыгъэр 7-м, 8-м нэсу зэпыбгъэувэ зэрыхъум и фIыгъэкIэ, жыг гъэкIыным елэжь предприятэхэми бэджэндырылажьэхэми яфIэфIу къащэху.

ООО-м и машинэфIхэм ящыщщ силос, хьэуазэ, мэкъу къызэрырашэкI прицепхэри. Ахэр я инагъкIи, я теплъэкIи зэщхьэщокI. ЩIэупщIэ иIэщ тракторым падзэу щIыр зэравэ пхъэIэщэхэми, жэмыр къызэраш «Милк-А» машинэхэми. Мыхэр инкъым икIи зехьэгъуафIэщ. Абы къыхэкIыу фермер хозяйствэхэм къыщагъэсэбэп.

Лъэ быдэкIэ ува заводым мы зэманым егъэлажьэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэр. Абыхэм и чэзум улахуэр ират, щылажьэ цеххэр инщ, къабзэщ, иджырей станокхэмрэ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщащ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# НэгъущIхэ щапхъэ трах

● Шапсыгъ щIыналъэ

**Агуей-Шапсыгъ жылэр спортымкIэ нэхъ лъэрызехьэхэр зыдэс къуажэхэм хабжэу илъэс куэд хъуауэ къогъуэгурыкIуэ. Къуажэр апхуэдэу цIэрыIуэ хъуныр зи фIыгъэ нэхъыжьхэм - спортым и мастер, кандидат хъуахэм, дунейпсо, урысейпсо зэпеуэхэм щытекIуахэм - я пщIэр ирамыгъэлъэхъшэхыжу абыхэм хаша я гъуэгум нобэ ирокIуэ нэхъыщIэхэри.**

САБИЙХЭР спортым дегъэхьэхыным пасэ дыдэу, иджыри гъэсапIэм кIуэуэ, къыщыщIадзэ Агуей-Шапсыгъым. Апхуэдэу «Дыщэ IункIыбзэ цIыкIу» сабий садым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI «СызэчиифIэщ!» фIэщыгъэм щIэт спорт зэхуэсхэр. ЦIыкIухэр зэпеуэхэм зэрыхэтым къищынэмыщIауэ, абдеж абыхэм Iэмал щаIэщ спортым ехъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрызыгъэхьа я къуажэдэс нэхъыжьхэм епсэлъэну.

Иджыблагъэ сабийхэм яхуеблэгъат зи цIэр фIыкIэ зыгъэIуа бэнакIуэ ныбжьыщIэ НэгъущI Абрэдж. Псоми яцIыху абы и адэ Жамболэти - ар Урысейм щIыхь зиIэ и гъэсакIуэщ, ауэ нэхъ ехъулIэныгъэшхуэу езым къилъытэр и быниплIри спортым зэрыдригъэхьэхыфарщ: Данэ, Къазбэч, Абрэдж, уеблэмэ зи ныбжьыр илъэсибл ирикъуа къудей нэхъыщIэ цIыкIу Нарт сымэ. Ахэр я ныбжькIэ жыжьэ нэмысами, ехъулIэныгъэфIхэм зыIэрагъэхьащи, ТIыуэпсы районыр къэгъэнауэ, ХыIуфэрыс Шапсыгъыр зэрыщыту абыхэм я зэфIэкIым ирогушхуэ.

Агуей-Шапсыгъым и щIэблэщIэ цIыкIухэр гупсэхуу Абрэдж дэуэршэращ, и ехъулIэныгъэхэр зэрызыIэригъэхьам щIэупщIащ, чэнджэщ гуэрхэри къыIахащ. Апхуэдэуи абыхэм зрагъэлъэгъуащ спортсмен ныбжьыщIэм къихьа и медалхэмрэ кубокхэмрэ. Шэч хэмылъу, а зэIущIэм ди цIыкIухэр спорт и лъэныкъуэкIэ нэхъыбэжым тригъэгушхуэнущ.



**НЫБЭ Анзор.**

## Проект 60-м щIигъу ягъэлъагъуэ

**«Сочэ-2016» XV дунейпсо инвестицэ форумым Къэбэрдей-Балъкъэрым утыку къыщрихьэнущ туризмэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, транспорт инфраструктурэм ехьэлIауэ проект 60-м щIигъу.**

АБЫХЭМ ящыщу 30-р АПК-м епхауэ щытынущ. Абы Урысейм, Италием, Австрием я IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэIущIэнущ.

«Сочэ» форумыр УФ-м и экономикэ, инвестицэ зэфIэкIхэр утыку къыщрахьэ, урысей, хамэ къэрал хьэрычэтыщIэхэм, эксперт, медиа зэгухьэныгъэхэм я зэпыщIэныгъэхэр щагъэбыдэ зэхыхьэщ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Узыншагъэ

## «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэм» видеорегистратор ирагъэувэ

**Налшык къалэ и «Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэ» станцым и автомобиль 28-рэ видеорегистраторхэмкIэ къызэрагъэпэщащ, абыхэм гъуэгур хуит къыщыхуамыщI къэхъумэ, ар трахын папщIэ.**

- «ДЭIЭПЫКЪУЭГЪУ псынщIэ» IэнатIэм и лэжьакIуэхэр илъэсым цIыху мини 100-м щIигъум ираджэ. Сымаджэм и деж ахэр ику иту дакъикъэ 20-м къриубыдэу нос, - жеIэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Бэрэгъун Светланэ. - Ауэ куэдрэ къохъу автомобилистхэм, гъуэгум и хабзэхэр къызэпауду, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр» щыбламыгъэкI, абы илъынкIэ сымаджэ хьэлъэ зэрыхъунур къамылъытэу. Мис апхуэдэхэм деж видеорегистраторым трихар хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм яхуедгъэхьынущ, зэран хъуам тезыр ихьын папщIэ.

*КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## ГуфIэгъуэм пащэ

● Налшык

**Адыгэхэм я махуэм теухуа дауэдапщэхэм мы тхьэмахуэ дызэрытми къыпащэ.**

АПХУЭДЭУ мы махуэхэм Налшык и Iэдииху жылэм дэт курыт еджапIэ №26-м щекIуэкIынущ ди лъэпкъ тхыдэм, адыгэхэм къадекIуэкIа хабзэ дахэхэм ятеухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэ.

«Ди сабийхэр къызыхэкIа лъэпкъхэм зыкIи емылъытауэ адыгэ къафэхэми, уэрэдхэми, тхыдэми нэрылъагъуу дехьэх икIи ахэр жыджэру хэтщ лъэпкъым и блэкIар джыным теухуауэ къызэдгъэпэщ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми. Ахэр апхуэдэу зэрызэкъуэтым дэри дримыгуфIэу къанэркъым», - жаIащ еджапIэм щекIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ жэуап зыхь егъэджакIуэхэм.

**ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.**

● Бахъсэн щIыналъэ

## И мыхьэнэр щызэпкърах

**Бахъсэн щIыналъэм и ЖКХ-м жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и центрым Жанхъуэтекъуэ, Зеикъуэ, ХьэтIохъущыкъуей, ПсыкIэху, Къубэ-Тэбэ къуажэхэм щыщу фэтэр куэд хъу унэхэм щыпсэухэм зэIущIэхэр ядригъэкIуэкIащ. Абыхэм щытепсэлъыхьащ ТСЖ-хэр щIэрыщIэу къызэгъэпэщыжыным, фэтэр куэд хъу унэхэм я инженер сетхэм кIэлъыплъыным, псэупIэхэр зехьэным хуэзэ мылъкур гъэбелджылыным пыщIа Iуэхухэм.**

БАХЪСЭН щIыналъэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ ЖКХ-мкIэ и управленэм и унафэщIхэм ТСЖ-хэр щIэрыщIэу къызэгъэпэщыжыным и мыхьэнэр зэпкърахащ.

- Законым къигъэувхэр и чэзум зэфIэтхмэ, цIыхухэм я арэзыныгъэ хэлъу ТСЖ-хэр къытхуэгъэщIэрэщIэжынущ. Армырамэ, 2017 гъэм щIышылэм и 1-м и ужькIэ, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхущIапIэм ТСЖ-хэр судкIэ зэхуищIыжынурэ, псэупIэр зейхэр хэмыту, унафэщI (управляющэ) компаниехэр къыщыхахыну зэпеуэр къыхилъхьэнущ, - къыхигъэщащ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Ует Анатолэ.

ЖКХ-м жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и центрым и тхьэмадэ КIэщт Музэрин зэрыжиIамкIэ, я организацэм и къалэныр законым къигъэувхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэхэм я зэхущытыкIэщIэхэмрэ цIыхухэр хэгъэгъуэзэнырщ.

ЗэIущIэхэм къарикIуам ипкъ иткIэ, унафэ къащтащ ЖКХ-м игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр хэIущIыIу зэращI, псэупIэр зейхэм зэрадэлажьэ щIыкIэр ягъэлъэщыну.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# Къызэрыпщэхун уимыIэмэ, ущэхуэфынукъым

● Пенсэ Iуэхухэр

__Урысейм ФинансхэмкIэ и министерствэм къыхелъхьэ лэжьапIэ Iут пенсионерхэм я пенсэхэм иджыри илъэсищкIэ хамыгъэхъуэну. ЦIыху мелуанхэм я хуитыныгъэхэр абы тещIыхьауэ дяпэкIи зэщхьэщагъэкIынущ.__

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, нэгъабэ и кIэухым Президентым Iэ тридзащ 2016 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлIэу пенсионерхэм яIэрыхьэр процентитI 4-кIэ къэIэтыным теухуауэ. АрщхьэкIэ лажьэ пенсионерхэм яйхэр зэрыщытауэ къагъэнэжырт. Путин Владимир жиIащ мы Iуэхум илъэсым и еплIанэ кварталым хэплъэж хъуну. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, гъэм и кIэухым зыщыгуфIыкIын гуэр урысей финансхэм къахуихьыркъым. Апхуэдэ дыдэщ лажьэ пенсионерхэм я Iуэхури. Ауэ властхэм зыщагъэгъупщэ хуэдэщ лажьэ пенсионерхэм а индексацэр езыхэм я пщIантIэпскIэ къызэралэжьар: абыхэм я улахуэхэм хагъэкI налогхэр, Пенсэ фондми ягъакIуэ страховой хэлъхьэныгъэхэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ урысей пенсионерхэм я Iыхьэ плIанэм нэсыр индексацэхэм пагъэкIащ. Иджы цIыху мелуани 10-м нэсым я пенсэхэр яIэтынукъым. 2019 гъэм ирихьэлIэу абыхэм яIэрыхьэн хуея пенсэхэм я процент 20-р яфIэкIуэдынущ, властхэм ахэр индексацэ ящIын зэрамыдэм и зэранкIэ.

ГурыIуэгъуэщ зи гугъу тщIыхэр ныбэизыгъэкIэ зэрымылажьэр. Урысейм ику иту щызекIуэ пенсэр сом мин 13 мэхъу, арщхьэкIэ куэдым яIэрыхьэр сом мини 7-щ, е, нэхъ мащIэжращи, сом мини 5-щ. А жьгъеймкIэ фыпсэуи феплъыт! Аращи, хэкIыпIэхэр къалъыхъуэн хуей мэхъу. Дэтхэнэ кIэпIейкIэри зэзыгъэзахуэ апхуэдэхэм я дежкIэ сом 200-300 къудейр яфIэкIуэдыныр хэщIыныгъэшхуэщ. Ар къызыхуагъэнэжын папщIэ абыхэм ящыщ куэдым ахъшэр хабзэм къыпакIухьу щызэрагъакIуэ IэнатIэхэмкIэ зырагъэбэнущ: лэжьэнущ, ауэ налогхэр ятыжынукъым. Сыт лейуэ утепсэлъыхькIэ - мы гъэм и япэ мазищым лажьэ пенсионерхэм я бжыгъэр процент 36-кIэ кIэрыхуащ. УФ-м и Къэзыбж палатэм къызэритамкIэ, а лъэхъэнэм къриубыдэу лажьэ пенсионерхэр зэрыхъужыр мелуани 9,6-рэщ нэхъапэм зэрыщыта мелуан 15-м и пIэкIэ. А пенсионерхэр тIысыжами е «абгъуэщIэхэм» итIысхьами жыIэгъуейщ, ауэ шэч хэлъкъым я пенсэхэр индексацэ ящIын зэрыхуеймкIэ. АрщхьэкIэ индексацэр япиубыдкIэрэ ахъшэ къыдигъэхуэну правительствэм иIа мурадыр къызэтещэхащ. Арами, сом мелард 87,1-р хисхьащ. Абы къыдэкIуэу правительствэм къигъуэтын хуейщ фIэкIыпIэ зимыIэ пенсэ страхованэм яхухилъхьэн хуей сом мелард 40,6-р. КъулыкъущIэхэм ар ямылъагъуфыну арат? Тэмэм хъункъым ахэр псори делэ дыдэу къэплъытэныр. Псори зытещIыхьар экономикэм и хабзэхэм текIыу псори езыр-езыру кIэрутIыпщ ящIу ди властхэр зэресар арагъэнущ. Абы щыгъуэми, ди IэщIагъэлIхэм куэд щIауэ къыхураджэ гуащIэрыпсэухэм мис а пенсионер дыдэхэм я хэхъуэхэр ягъэмэщIэным и пIэкIэ ахэр сыт и лъэныкъуэкIи къаIэтыну.

«Мы зэманым мыхьэнэ ин зиIэр сыт и лъэныкъуэкIи компание инхэр дэIыгъыныркъым, атIэ псом япэу ахъшэ мащIэ е курыт фIэкIа зыIэрымыхьэ цIыхухэм я хэхъуэхэр къэIэтынырщ: абыхэм яIэ псори хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ трагъэкIуадэ, - жеIэ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Иноземцев Владислав. Абы и лъэныкъуэкIэ нэхъ къемызэгъ дыдэр пенсэхэм я индексацэхэмкIэ, лэжьапIэншэхэм хуаший ахъшэхэмкIэ, егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ я улахуэхэм кIэраудкIэрэ мылъку къыдагъэхуэнырщ».

Мы зэманым экономикэм зегъэужьын папщIэ щыIэ Iэмал закъуэр къэрал кIуэцIым щащэхэр нэхъыбэ щIынырщ. Ауэ ахъшэр уафэм къехуэхынукъым. ЦIыхухэм нэхъыбэ етын хуейщ. АрщхьэкIэ ди власть Iущхэм псо-ри нэгъуэщIу ящI. Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, ахэр зыкIи хуейкъым экономикэм зиIэтыну.

**ГРЕГОРОВ Максим.**
*«Мир новостей»*

__Корее ЦIыхубэ-Демократ Республикэр аргуэру IэщэкIэ мэдалъэ: иджыблагъэ абы и ракетэхэр Японием нэс пэтащ - къэнэжар мащIэ дыдэт. Абы щыгъуэми, фIы дыдэу дощIэж апхуэдэ раке-тэ илъэс зыбжанэ и пэкIэ Урысейм и гъунапкъэм и гъунэгъу дыдэу «къыщетIысэхауэ» зэрыщытар.__

## ПцIы хьэмрэ пэж?

КНДР-м и тIасхъэщIэх IуэхущIапIэм сытепсэлъыхьын и пэкIэ фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт къэралым и нобэрей псэукIэр, апхуэдэу абы зэрызихъумэжыну Iэщэ лъэщ зэриIэр. Ауэ Куэдым шэч къытрахьэ абы ядернэ Iэщэрэ зэрахьэ Iэмэпсымэхэмрэ зэриIэм.

Мы зэм зэуэ баллист ракетищ километр минкIэ Японием и лъэныкъуэмкIэ зэрылъэтар къэплъытэмэ, зэрахьэ Iэмэпсымэхэр КНДР-м шэч хэмылъу иIэщ. Пэжщ, иджыри «уей-уей» жозымыгъэIэхэрщ. Ауэ ядернэ бомбэм, ар мис а бомбэ фIей» жыхуаIэрами, КНДР-м и гъунэгъухэм бэлыхь куэд къахуихьыфынущ. Пэжыр пэжу къонэж: Корее Ищхъэрэр дяпэкIи «ракетэ удынкIэ» далъэмэ, абы и гъунэгъухэм я щIыфэр тхытхынущ.

Ар холъагъуэ Ким Чен Ын мы зэманым зэригъэшынэр: прунж, адрей ерыскъыпхъэхэр, гъэсыныпхъэ, нэгъуэщI куэд къыдэвмытмэ, жыхьэнмэ фэдгъэлъагъунщ. ЖытIэнщи, апхуэдэ Iэмалым Ким нэхъыщIэр езыгъэсар и адэ Ким Чен Ирщ. Ауэ мыр гъэщIэгъуэнщ: ерыскъы кърату хуейуэ я гъунэгъухэр зэрагъэшынэм къыдэкIуэу езыхэри хуэмыхукъым: сыт хуэдэ щIыкIэкIи ахъшэ зыIэрагъэхьэну хущIокъу, Корее Ипщэм кIуэсахэу пэжыр дунейм яхуэзыIуэтахэр ядыгъуж.

Сыт КНДР-м и щэхурылажьэ IэнатIэхэм цIыхухэр зэхэзехуэн щIащIыр? ЩIэпхъуэжахэм абы и щхьэусыгъуэр щхьэтечу къаIуатэ. Абыхэм я псалъэхэм ятепщIыхьмэ, мащIэ дыдэу фIэкIа мыкъуэншами, Корее Ищхъэрэм цIыхур Iуэм щрадзэнущ. Абы щепхьэкIыну гъащIэр гъащIэкъым.

### Апхуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ щыIэкъым

IэщIэкIахэм яIуэтэж цIыхухэр гущIэгъуншэу зэраубэрэжьыр, судыншэу зэраукIыр: япэщIыкIэ я жьэхэм щIыр жьэдэз ящI, лIэн ипэкIэ унафэщI властым и бийуэ къыхэмыкIиикIын щхьэкIэ. ЯгъэтIысахэм ящыщу хуагъэува лэжьыгъэр зымыгъэзэщIэфхэм мыхьыр ирагъэхь. ЗылъэгъуахэмкъызэраIуэтэжымкIэ, анэхэм я сабийхэр яукIыжыным ирахулIэ, иужьрейхэр къэзылъхуахэм лэжьэн и лъэныкъуэкIэ зэран яхуэмыхъун папщIэ.

Псэууэ къелахэр жэщмахуэ псом (къанэ щIагъуэ щымыIэу) лэжьэн хуейщ сабийхэр яхэту хьэндыркъуакъуэхэмкIэ, хьэпIацIэхэмкIэ, хьэмбылухэмкIэ, блэхэмкIэ дзыгъуэшхуэхэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIэ я мэжалIэр трагъэуууэ. Iуэхум хэзы-щIыкI щIэпхъуэжахэм зэрыжаIэмкIэ, нобэ апхуэдэ щытыкIэм итщ КНДР-м и дэтхэнэ цIыху еханэри, уеблэмэ, цIыху етхуанэри. Зыгуэр щIэпхъуэжмэ, абы и Iыхьлы псоми лей ятехьэнущ.

АрщхьэкIэ зи гугъу тщIы Iуэхэм зэрырагъэтIысхьэ хабзэр нэхъ гущIэгъуншэжщ: совет лъэхъэнэм и зэманми, корей кхъухьлъатэзехуэм езым и гъэсакIуэ совет инструкторыр Iэзэу жиIамэ, и гъащIэр иухат. «Правда» газетым тет тхыгъэм къеджэми, къыщыщIыр арат. Фигу къэдгъэкIыжынщи, зи гугъу тщIыр совет зэманырщ.

Сытыт мурадыр зыхуэгъэзар? Уэ еджэ, ухуэмеймэ, уемыджэ. Дэ диIэщ Кореем и лэжьакIуэ партыр икIи, ди ныбжьэгъухэу щытми, хамэ къытхыхьэну дыхуейкъым. Кхъухьлъатэзехуэхэри апхуэдабзэт: Корее Ищхъэрэм и кхъухьлъатэзехуэхэр дуней псом щынэхъыфIхэщ, дэ абыхэм нэхърэ нэхъ -Iэзэ дыхуейкъым. ЗэрыжаIэщи, нэгъуэщIхэми еуэ, ууейхэр къыпщышынэн папщIэ.

● Корее Ищхъэрэ

# «35-нэ пэшым и IуэхущIапIэр»

### Залымыгъэзехьэхэр

КНДР-м цIыхухэр зэхэзехуэн ищIыну зи пщэ дэлъыр Жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ министерствэрщ. Ар 1949 гъэм къызэрагъэпэщащ икIи аращ зыхагъэхьар «35-нэ пэшым и IуэхущIапIэр». Иужьрейм апхуэдэуи еджэрт «35-нэ пэшым и бюроуи» е «тIасхъэщIэх IэнатIэм и кабинетуи» - и цIэр зыбжанэрэ яхъуэжащ. Ауэ псори къызэрыгуэкIт - езы Ким Чен Ын и унафэм щIэт политикэ, къэрал щIыб тIасхъэщIэх IэнатIэт.

«Дыгъэпс пщэдджыжьым и щIыналъэм» (апхуэдэу езыхэр щызэджэж щыхабзэщ а къэралым) и щэхурылажьэ а IэнатIэм хохьэ Ипщэ-КъуэкIыпIэ АзиемкIэ, ЯпониемкIэ, США-мкIэ, икIи, дауи, КНДР-м и бий нэхъыщхьэ Корее ИпщэмкIэ и къудамэхэр. ХэзыщIыкIхэм жаIэ хуей хъумэ, «35-нэ унэм» и Iэхэр Китайми, Урысейми, нэгъуэщI къэралхэми ялъэIэсыфынущ - аращ зэлэжьыр а IуэхущIапIэм и зы къудамэр.

Министерствэм хохьэ «связистхэри» - мис абы и лэжьакIуэхэращ цIыхухэр дыгъуным, хьэгъэщагъэ зыпылъ щIэпхъаджагъэхэр зэхэщIыхьыным, бзэгузехьэхэр къэгъуэтыным теухуа къалэнхэр зи пщэ дэлъыр. ЖыIэн хуейщ абы и зауэлIхэр ахэр ягъэзэщIэным сыт и лъэныкъуэкIи зэрыхуэхьэзырыр.

БлэкIа лIэщIыгъуэм корее гъунапкъэм къыщыхъуа гуэр дигу къокIыж. Корее Ищхъэрэм и гъунапкъэхъумэрэ американ тенджыз лъэсырыкIуэдзэм щыщымрэ зэгурыIуакъым гъунапкъэр жыгым и гупэмкIэ е и щIыбагъымкIэ зэрыпхрыгъэкIыпхъэмкIэ - США-м и зауэлIхэр яхэтащ хытIыгур къэралитIым яхуэзыгуэшахэм. СIожьатIэ? Зи теплъэкIэ корей мыхьэнэншэ цIыкIум зэ уэгъуэкIэ иукIащ зэрызауэ Iэмал куэдым хуагъэса американ зауэлI зыIэщIэлъыр.

### Пщэдджыжь «щхъуантIагъэм» и къэрал

КъыхэгъэщхьэхукIын хуейщ «35-нэ пэшым» Маньчжурием къыщыщIэдзауэ Японием (корей мин 200 зыщыпсэум) нэсу агентурэ лъэщ къызэрыщызэригъэпэщар. Мис а «оперативникхэрщ» нэхъапэм Корее Ищхъэрэм къулыкъушхуэ щызыIыгъа, иужькIэ ипщэмкIэ щIэпхъуэжа Кен Ду Хван 1997 гъэм зыукIари.

Мыбыи гу лъытапхъэщ. КНДР-м и къэрал радиомкIэ щIэх-щIэхыурэ къат мэжэщIалIагъэм уимылыкIын папщIэ сыт хуэдэ удзхэр пшхыну нэхъ къезэгъми. АрщхьэкIэ «35-нэ унэм» и лэжьакIуэхэм ахъшэ я куэдщ, ахэр иджырей дыдэ Iэщэхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ зэщIэузэдащ.

IэщIагъэлIхэм жаIэ хьэршым укъиплъыкIмэ, Корее Ищхъэрэм и щIыналъэм мэзхэр зэрыщумылъагъужыр - ахэр ираупщIыкIащ зауэ е псэуныгъэ Iуэхухэм ехьэлIауэ. АрщхьэкIэ Ким Чен Ын и лъапсэм щхьэкIэ къагъэна мэз хуейм хьэуа къабзэ зэрыкIуэ бжьамий кIуэцIрокI - ар бэуэн хуейщ жьы къабзэкIэ.

Пэжщ, жыгхэр зраха щIыпIэхэри кIэрутIыпщ ящIакъым - абыхэм щыхаса Iущхьэхэр егугъуу зэрахьэ. Корее Ипщэм и IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, афиянхэр ящыщщ КНДР-м хэхъуэшхуэ къыхуэзыхьхэм, «35-нэ пэшыр «зытесри» аращ.

КНДР-м и парт унафэщIхэр къулей зыхэхъукI нэгъуэщI зы Iуэхуи щыIэщ: къэралым доллар нэпцIхэр зэрытридзэр. Ахэр зезыгъакIуэр «35-нэ пэшырщ»

«Бюром» и зэфIэкIхэр ин дыдэщ. Абы и лэжьакIуэхэр езыхэм я вождым псэемыблэжу зэрыхуэпэжыр къэплъытэмэ, сытри ящIэфынущ - бийхэр дэнэ щIыпIи къыщагъуэтыфынущ.

Хэбгъэзыхьмэ, Корее Ищхъэрэр зи пщэ дэса СССР-м и зэманми къэралитIым яку къыдэхъуэрт цIыхухэр дыгъуным ехьэлIа къаугъэхэр.

**КАРЮКОВ Виталий.**
*Мир новостей»*

● Краснодар край

# Нэхъ ткIийуэ пкъузыхукIэ...

### Трактор зекIуэм кърикIуахэр

**Кубаным и фермерхэр арэзыкъым икIи ягу техуэркъым щIыналъэм и холдинг инхэм фермерхэм я щIы Iыхьэ мащIэхэр зэраубыдыр, Iэщыр зэраIэщIагъэкIыр. Абыхэм я псалъэхэм ятепщIыхьмэ, щIыхэр зэрапхъуэ, щIыпIэ полицэр, прокуратурэр, судхэр я щIэгъэкъуэну. Иужьрейхэм а щIэпхъаджагъэр къызэпаудыным и пIэкIэ, ар хабзэм ирагъэзэгъ.**

А ПСОРИ ищхьэкIэ щыIэ властхэм я деж нагъэсын мурадкIэ, иджыблагъэ фермерхэм Москва кIуэ трактор марш къызэрагъэпэщащ. Мис абы кърикIуахэм теухуауэ а Iуэхур зэхэзыубла фермер Волченкэ Алексей жиIэр:

- Дэ япэ щIыкIэ ди мурадащ трактор зекIуэр гъатхэпэм и 28-м едгъэжьэну. АрщхьэкIэ ОНФ-м и лIыкIуэхэр къэкIуащ, губернаторым и деж комиссэ къыщызэрагъэпэщащ, арати, цIыхухэр зекIуэм къыпыкIащ, Iуэхур арыншэу зэфIахыным щыгугъыу. Илъэс ныкъуэ дэкIри, ди нэкIэ тлъэгъуащ зыри зэрызэфIамыгъэкIар, абы къыхэкIыу дытегушхуащ трактор зекIуэ едгъэжьэну.

АрщхьэкIэ сэ къызгурымыIуа щхьэусыгъуэхэмкIэ а Iуэхум щIэддзэным махуитI иIэу си деж къэпсалъэри къызжаIащ трактор зекIуэ едгъэкIуэкIыну хуит дамыщIу. Мис итIанэ къыттракъузэу хуежьащ. Крайм и район псоми мэкъумэшыщIэхэр щагъэшынэрт. ФСБ-мрэ администрацэмрэ я лэжьакIуэхэр я гъусэу полицэр фермерхэм я деж кIуэрт. Абыхэм яхуэгъэза уголовнэ Iуэхухэр къаIэтыну яхуэдалъэрт. Президентым нэгъуэщI къэралхэм къыщытщэхухэр зэхъуэкIынымкIэ, коррупцэм пэщIэтынымкIэ и программэр дэтIыгъыу зекIуэр зэрызэхэдублэр зыми къыфIэIуэхуртэкъым. Дэ политикэ мурад гуэри зетхуэркъым, къэдгъэувыр экономикэ Iуэху-хэм я закъуэщ. Дэ дыхуейт Путин Владимир дыхуэзэу ди гукъеуэхэр хуэтIуэну.

Иджы ди Iуэхум жыджэру хэтахэм яхуэгъэза Iуэхухэр къаIэтакIэщ. Судым унафэ къищтащ сом мин 500-кIэ къызэтхьэкъуну. Сэ сылэжьапIэншэу икIи япэ сиIа щхьэгъусэм дэзгъуэта быным сыдэмыIэпыкъу хуэдэу къыщIригъэдзащ.

Казанскэ станицэм и атаман Бородин хуабжьу бэлыхьышхуэ хагъэтщ. Ар «Урысей зэкъуэтым» и цIэкIэ райсоветым и депутатщ. Жэщыкум ФСБ-м ираджэри, ар ирахулIащ «Урысей зэкъуэтым» къызэрыхэкIыжым теухуа тхылъ ирагъэтхыну. Иджы къэтщIащ «ГъапцIагъэ» статьямкIэ абы хуэгъэза уголовнэ Iуэху къызэраIэтар.

**РЫБАКОВ Александр.**
*«Мир новостей»*

# Лъыифхэм я зэман

● Абы дегъэпIейтей

### Хэт къэзыгъэувыIэнур дыгъуэгъуакIуэхэр?

__Полковник Захарченкэ и пщэ далъхьат мылъку зэзылъэфалIэхэм я бий бэнэныгъэм щэху хэтыну. И теплъэкIэ абы зыгуэркIэ дигу къегъэкIыж Штирлиц лъэрызехьэр. АрщхьэкIэ «Штирлиц» и ролыр къехъулIакъым: фIыуэ ялъагъу фильмым хэт Шульц зыгуэркIэ дэгуэшэфакъым е и гъэпщкIупIэ фэтэрыр апхуэдизкIэ цIыкIути, щIэмыхуэжу ахъшэхэр щхьэгъубжэхэм къазэрыдэщэщым гу лъатащ...__

КЪЭХЪУАМ Iэуалъэуэшхуэ къикIыну къыщIэкIынущ: хъым къихуар къаритхэм я процентитI яIызыхыж къулыкъущIэ жьгъейкъым. Мыбдежым щылэжьащ зэманыщIэм и хьэрискхъуэрисхэм кууэ щыгъуазэ хьэжьвакъэжьышххэр. ДыгъуэнымкIэ дунейпсо рекорд ягъэуващ Латин Америкэм наркотикыр щызезыгъакIуэхэм ящхьэпрыкIри. Ядыгъуар ирикъунут пенсиоенер мелуани 3-м я пенсэхэр процентi 10-кIэ къаIэтыным.

### Ахэр зыми щыщтэкъым

Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт «Петровка, 38» сериалым щыщ совет детективхэр. Абыхэм яхэта дыгъуакIуэхэр сыту тхьэмыщкIэт! Артистым и фэтэрым IункIыбзэ нэпцIкIэ щIыхьащ, фабрикэм и лэжьакIуэхэм иратын хуея улахуэхэр ядыгъуащ, революцэм и пэкIэ зекIуэу щыта дыжьын щыкъухэр гъэпщкIуауэ зезыхьэ фызыжьыр къагъэпцIащ... Дэнэт ахъшэхэри щагъэпщкIур? Дыхьэшхэнщ! ЯжьыщIа щыгъынхэр зыдэлъ шкафым, мыIэрысей щIагъым щыщIатIа литрищ банкым е «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» романым и напэкIуэцIхэм я зэхуакум...

Сытыт апхуэдизу мыхьэнэншэу щIэдыгъуэр, къадыгъуахэри щIамыгъэпщкIуфыр? Совет цIыхухэм хьэлыфI дыдэ яхэлъауэ ара? Е мылъкушхуэ къыщIэбдыгъун щхьэусыгъуэ щымыIауэ пIэрэ? «Мазерати» къэпщэхуфынукъым, кхъухьи къухьлъати уиIэ хъунукъым, унэ дэгъуэ Лондон и кум щыпхуэухуэнукъым. Хамэ къэрал ахъшэхэр нэгъуэщI къэрал банкхэм щыхъумэным, офшорхэм ятеухуауэ Хрущёврэ Брежневымрэ я зэманым зыми зыри ищIэртэкъым. Сытыт атIэ ахъшэшхуэм къуитыну гуфIэгъуэр?

Дауи, мащIэу хэтхыкIхэри щыIащ: зыгуэрхэм бдзэжьей хугу фIыцIэр лошкIэкIэ яшхырт, кооператив фэтэр дэгъуэхэр ирагъэщIырт. АрщхьэкIэ Рублёвкэм зыщыбукъуэдий хъунутэкъым - милиционер «Дядя Стёпэ» къоупщIынут. «Дэнэ апхуэдиз ахъшэ къыздифхар, ныбжьэгъу коммунистхэ?»

Ауэ нэхъыщхьэу къызэтезыгъэувыIэр, дауи, аратэкъым, атIэ къэбдыгъуар къэралым ипш, Лондон зыщыбгъэпщкIу, Оксфорд уи бынхэр еджакIуэ бгъакIуэ зэрымыхъурт. СССР-м, уеблэмэ, цIыхушхуэхэри - парт къулыкъущIэ инхэри, Сталин саугъэтыр зрата актёр, тхакIуэ цIэрыIуэхэри - нэхъ нэмыс яхэлъу щыпсэуащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, буфет щхьэхуэхэм зыхуейхэр щагъуэт абыхэм ефIэкIыныгъэхэр яIэт, ауэ ахэр апхуэдизу хэIэтыкIатэкъым. Парт нэмысым, цIыхухэм я хэхъуэхэр зэщхьэщымыгъэкIыным теухуа политикэм пщIэ яIэт.

Сэ си адэр Совет армэм и политикэ управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI, генерал-полковник Голиков Ф. (Сталиным и гъэфIэнхэм ящыщ зым) и шофёру лэжьащ, и дачэм куэдрэ сыщыIащ: къатитIу зэтет пхъэ унэ къекIут, щIапIэр сотых 20 хъурт Андропов Юрий Кутузовым и проспектым, а зэманым елъытауэ, фэтэр дэгъуэ щиIащ, ауэ егъэлеиныгъэ гуэри хэлътэкъым, иужькIэ ар ищэхужауэ щытащ пианист цIэрыIуэ Петров Николай.

Партым хэмытхэми загъэпIииртэкъым. Сигу къокIыж Катаев Валентин Переделкинэ щиIа дачэр зыхуэдар: къатитIу зэтет пхъэ унэ цIыкIу, щIы сотых 20. Абы щыгъуэм а тхакIуэр ящыщт зи тхылъхэр нэхъыбэ дыдэу СССР-м къыщыдэкIхэм. Гонорархэр здихьамкIэ сыщеупщIым, жэуапу къызитыжащ: «Си фызым щыгъын хэплъыхьахэр къыхуэсщэхурт, сэри екIуу зысхуапэрт, си ныбжьэгъухэр си гъусэу «Метрополь»-м дыщефэрт, Коктенебели зыщыдгъэпсэхурт».

### Хьэлэлу улэжьэфыну?

Урысейм ахъшэр къыIэщIэухауэ жаIэ, ауэ, абы щыгъуэми, мыбы щэхуу, хьэгъэщагъэ IэмалхэмкIэ щызокIуэ дзыхь зыхуэпщI мыхъуну (я нэхъыбэхэм деж бандиту къыщIидз) банкхэм кIуэ сом, доллар мелардхэр. Аращ къэзыгъэщIыр нэхъапэм зэи ямылъэгъуа коррупцэ абрагъуэр. И щхьэусыгъуэхэм темыпсэлъыхьыр ящхьэхынэхэм я закъуэщ: мы зэманым хьэлэлу хьэрычэтыщI лэжьыгъэ ебгъэкIуэкIыну, ар къулыкъущIэхэм ящыпхъумэну гугъу дыдэщ. Мылъкушхуэ бизнесым хэзылъхьэну тегушхуэхэр властыр зыIэщIэлъхэм япэгъунэгъу цIыхухэрщ. Абы къыхэкIыу гъэщIэгъуэнкъым бизнесыр мыхъуу мылъку къызэраугъуей Iэмэпсымэ нэхъыщхьэу къэнэжар бюджетыр зэхэдыгъуэныр, банк хьэгъэщагъэхэр зэхэщIыхьыныр зэрыарар.

ЯгъэтIысхэр закъуэтIакъуэщ. Суд пащхьэм къимыхутэн папщIэ нэгъуэщI къэралхэм кIуасэхэр апхуэдизу куэд хъуащи, Банк нэхъыщхьэм и унафэщI Нибауллинэ Эльвирэ а Iуэхур къиIэтын хуей хъуащ президентым щепсалъэм. Полковник Захарченкэ яубыда иужь дэ япэ дыдэу зэхэтха хъыбархэм ящыщщ ар и унэм щаIыгъыну хуит ящIмэ, и уэчылхэм сом мелуан 70 (!) зэуэ ятыну зэрыхьэзырыр. Ар ауэ сытми къэхъуакъым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэхьэзыру къыщIэкIынут ягъэкъуаншэр нэгъуэщI къэрал щэхуу зэрагъэкIуэсэну Iэмал: и гъусахэр ищэу щIидзэнкIэ хъунущ...

### Тхыдэм щиIыгъыну увыпIэр

«Урысейм капитализмэр зэрыщаухуам» тетхыхь тхыдэджхэм Захарченкэ и IуэхумкIэ гу лъатэну къыщIэкIынщ щIэпхъаджагъэм къэрал къулыкъущIапIэхэр зэрызэщIиштам икIи къэралым мылъкур зэхэзыдыгъуэхэр къыжьэдикъуэн зэрыхузэфIэмыкIым. Нэхъ зызыгъэткIийхэм жаIэнщ апхуэдэхэм нэмысыр зэрафIэкIуэдар, ахъшэм цIыхур зэрызэIигъэхьэр, мардэр зэращыгъупщэжар. Нэхъ зызыгъэщабэхэм дигу къагъэкIыжынщ «апхуэдэ нэхъапэхэми къызэры хъуар, Пётр Езанэм и щIыбагъкIэ щыдыгъуэми, Меньшиков Сашкэ хэкупсэ нэсу зэрыщытар. Дыхьэшхэнщ «хэкупсэ дыгъуакIуэ» уи нэгу къыщIэбгъэхьэну, ауэ ар ди гъащIэм къыхохьэ.

АрщхьэкIэ шынагъуэ щыIэщ зэресэжам хуэдэу судым Iуэхур кIыхьлIыхь ищIыну хущIэкъункIэ иужьым къуилъхьэжыпэнкIэ: «къэпщытэныгъэхэр щIэрыщIэу иригъэкIуэкIкIэрэ «щIэуэ къыкъуэкIахэр», «къуаншагъэр къэзыгъэщабэхэр» тегъэщIапIэ ищIкIэрэ. ИтIанэ зы илъэс е илъэситI хуэдиз дэкIмэ, дауэдапщэхэм зэпымыуэ хэт къэралым щыгъупщэжынущ мы Iуэхур. Мис а нэхъапэм псалъэмакъышхуэ къызэрыкIауэ щыта нэгъуэщI Iуэхухэми хуэдэу, сыт Iейр уигу къэбгъэкIыжу цIыхухэр къыщIэбгъэгубжьынур?

Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий жиIащ Путин Владимир «Iуэхум щыгъуазэу». Абы гугъапIэ дегъэщI мы щIэпхъаджагъэ бзаджэр щIамыуфэжыфынымкIэ. «Лъыифхэм я зэманым» кIэ игъуэтын хуейщ.

**КОСТИКОВ Вячеслав.**
*«Аргументы и факты»*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Iуэху еплъыкIэ

# Фейдэ хэхыпIэ

__Иджы Урысейм Iейуэ къыхущытыныр къэрал зыбжанэм я дежкIэ фейдэ хэхыпIэ хъуащ. Ар къагъэсэбэп я бюджетхэм ахъшэ лей ягъэкIуэнымкIэ.__

ЕВРОПЭР Урысейм къызэрхущытымкIэ Iыхьищу гуэшащ. Япэм хохьэ Испаниер, Нидерландхэр, Протугалиер, Италиер. Абыхэм Урысейр япэжыжэщ, зэдэлэжьэныгъэ и лъэныкъуэкIи я гъунэгъукъым, шынагъуэ лъэпкъи абы къыпкърыкIыу ялъагъуркъым. Аращи, я зэхуаку къаугъэ гуэри дэлъыну хуейкъым. ЕтIуанэ гупым хохьэ Германиемрэ Франджымрэ. Ахэр Урысейм къыхуэIейхэмрэ къыхуэфIыну хуейхэмрэ яку дэтын хуей мэхъу лъэныкъуитIми зэрызыдрагъэкIун Iэмалхэр къалъыхъуэу.

Ещанэм хэтщ Польшэр, Балтием и къэралхэр, Швециер, Куржыр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я къэралыгъуэр зытращIыхьыр европей лъапIэныгъэхэркъым, къадекIуэкI хабзэхэркъым, атIэ я зэхуэдэ бийм - урыс мыщэ абрагъуэм пэщIэтынырщ. А къэрал цIыкIухэр хуабжьу хуейщ езыхэр щIэцIыкIумкIэ къуаншэр къагъуэтыну. ИкIи къагъуэт.

Урысейм къыхуэдзэлашхэныр икIи IэмалыфIщ КъухьэпIэм зыкъыщIигъэкъуэн папщIэ. США-р ядэIэпыкъунущ Урысейм и шынагъуэр ящхьэщытыр хуэдэу абы и фIэщ ящIмэ. Аращи, хущIокъу Урысейр ятегуплIа хуэдэу къыщагъэхъуну. Ахэр увыIэркъым. А псоми яжь ящIеху европейхэм я Iуэху еплъыкIэхэм.

**РАР Александр,**
*нэмыцэ журналист.*
*«Аргументы и факты»*

● Тхыдэм и фэеплъхэр



Самарканд, Узбекистаным и мызакъуэу, дуней псом и нэхъ къалэжьхэм ящыщщ Римымрэ Вавилонымрэ я ныбжьщ ар икIи Тимурид империем и пасэрей щыхьэру щытащ. Къалэр дахащэ хъуащ архитектурэ и лъэныкъуэкIэ зэбгъэпщэн щымыIэ ухуэныгъэ ин дыдэхэр щрагъэкIуэкIа XIV-XV лIэщIыгъуэхэм. Абыхэм ящыщщ Шахи-Зиндэ некрополыр.

● Уаз

# Уафэри щIылъэри къыщигъэщIа махуэ

Муслъымэн махуэрыбжэмкIэ мухьэрэм мазэр илъэсым и япэ мазэщ (илъэсыщIэр къохьэ). Ар Алыхьым нэхъ лъапIэ дыдэу къигъэщIа мазиплIым ящыщ зыщ. Абы теухуауэ Iэят куэд Тхьэм и тхылъым ущрохьэлIэ, хьэдисми къыджеIэ. А мазэ лъапIэм и 10-нэ махуэр IэшрыIщ. Ар мы гъэм жэпуэгъуэм и 12-м тохуэ. КъурIэным къызэрыщыкIуамкIэ, а махуэращ уафэхэри, щIылъэри, мелыIычхэри, япэ цIыхури - Iэдэм - Тхьэм къыщигъэщIар. А махуэращ дунейр щыкъутэжынури.

ЛIэщIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм уриплъэжмэ, щыболъагъу Тхьэм и лIыкIуипщIым фIыгъуэшхуипщI IэшрыI махуэм къазэрыдэкIуар. Абыхэм я къекIуэкIыкIар гъэкIэщIауэ фигу къэдгъэкIыжынщ.

ЛIыкIуэ Нухь и кхъухьыр псыдзэм къелащ а махуэ лъапIэм. Алыхьым къалэнышхуэ и пщэ дилъхьэри, а лIыкIуэр цIыхубэм къахуигъэкIуат, Тхьэм и закъуэныгъэм къыхуриджэну. Илъэс 950-кIэ бегъымбарым цIыхубэр ислъам диным къыхуриджами, абыхэм зыри зэхахыну хуеякъым, апхуэдиз илъэс бжыгъэм ислъам диныр къэзыщтар цIыху 80 къудейт. Тхьэр губжьу дунейр псыдзэкIэ щикъутэжам, Нухьрэ абы и гъуэгум тетахэмрэ Алыхьым къихъумауэ щытащ а махуэм. А махуэ лъапIэм лIыкIуэ Мусэрэ и дзэмрэ Тхьэм щихъумащ фирхьэун джаурым и бзаджэм. Мусэрэ Хьарунрэ Тхьэм лIыкIуэу яхуигъэкIуат исраIил и быным, ДыкъэзыгъэщIам фIэкIа Алыхь зэрыщымыIэр, ахэр зыхуэпщылIхэр зэрытхьэнэпцIыр я пащхьэ иралъхьэну. Ауэ фирхьэуным ар идэтэкъым, езым псори фIэлIыкIын хуейуэ ибжырт, псоми щхьэщэ зыхуригъэщIырт. Алыхьым и закъуэныгъэр зи фIэщ хъуну хуэмей фирхьэуным и дзэр иришажьэри (ар зы мелуанрэ мин 700-рэ хъурт) , Мусэрэ и дзэхэмрэ (ахэр цIыху 600 къудейт зэрыхъур) зэтраукIэн мурадыр яIэу кIэлъыщIэпхъуащ. Тенджыз Плыжьым щынэсым лIыкIуэмрэ и дзэмрэ гузэват, арщхьэкIэ Тхьэм Iэмыр хуищIащ Мусэ и башымкIэ псым хэуэну. Ар абы щигъэзащIэм Алыхь Iэмырти, тенджызыр тIууэ зэгуэкIри, лъагъуэ къэунэхуам Мусэ и дзэр техьащ. Ар илъагъуу фирхьэуным и дзэр игъусэу щыхыхьэм, псым зызэхуищIыжри, джаурхэр итхьэлащ. Фирхьэуным и хьэдэри толъкъуным тафэм тридзэжащ.

Мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэм Мухьэммэд бегъымбар лъапIэри и Iумэтхэри Тхьэм джаурхэм щихъумащ. А махуэм «Зат Ар рикъэ»-кIэ зэджэ зауэшхуэр яублэну щытащ муслъымэнхэмрэ джаурхэмрэ. АрщхьэкIэ Алыхьыр зи фIэщ мыхъухэм я бжыгъэр икъукIэ куэд хъуми, шынэр ягу къихьэри щIэпхъуэжахэщ.

IэшрыI махуэщ Ибрахьим лIыкIуэр къыщалъхуари, ар мафIэ лыгъейм имысу къыщыхэкIыжари. А махуэм лIыкIуэхэу Хьисэрэ Идрисрэ Тхьэм и деж дрихьеижащ, лIыкIуэ Юнус джейм и кIуэцIым псэууэ къикIыжащ, Iэюб цIыхухэм я узхэр ящхьэщихыу хъуащ, Екъуб лIыкIуэмрэ и къуэмрэ зэрыгъуэтыжащ, Сулейман пщы хъуащ, Юсуф тутнакъэщым къырагъэкIыжащ, нэгъуэщI телъыджэ куэди къэхъуащ а махуэ лъапIэм.

Мэккэ дэт Каабэм тепхъуа щэкIышхуэр трахри илъэс къэс IэшрыI махуэм щIэ трапхъуэ, къытрахыжар цIыкIу-цIыкIуу ягуэшри, дин щIэныгъэлIхэм тыгъэ хуащI. Апхуэдэ тыгъэ лъапIэм щыщ къалъысащ Тэтэрстаным дэт «Къул-Шэриф», Башкирием и «Ляля Тюльпан», Шэшэным «Шэшэным игу»-кIэ зэджэ мэжджытхэм.

Мухьэрэм мазэм нэхъ лъапIэ дыдэу хэтыр 10-нэ махуэращ, ауэ 9-10-11-нэ махуэхэр къэбнэщIыныр суннэтщ, псапэшхуэ зыпылъщ. А мазэм КъурIэн нэхъыбэрэ еджэн, бегъымбархэм нэхъыбэрэ щэлэуат къахуэхьын, Тхьэм нэхъыбэрэ хуэпщылIын, мылъкум псапэ хэтыкIын, сабийхэр гъэгуфIэн хуейщ. Iимам Гъэзалий и тхылъым къыщокIуэ, муслъымэн илъэсыщIэм и япэ мазэр Тхьэм хуэпщылIу зыгъакIуэхэм, адрей мазэхэри апхуэдэу къазэрехъулIэнур.

Мухьэммэд бегъымбарым жиIащ: «Рэмэдан мазэм иужькIэ къэбнэщIыну нэхъ псапэ дыдэ зыпылъыр мухьэррэм мазэрщ». А мазэ лъапIэращ Мухьэммэд бегъымбарыр Мэккэм икIыу Мэдинэм щыIэпхъуар.




● Щапхъэ

# И цIэр фIыкIэ къаIэт

**Иужьрей зэманым Сэрмакъ къуажэм и муслъымэн жэмыхьэтым и цIэр фIыкIэ къаIэт хъуащ. Псом япэу ар зи фIыщIэу къэплъытэ хъунур илъэситI Iимаму хаха Токъмакъ Iэуесщ.**

IЭУЕС езыр ныбжькIэ щIалэщ , Iэбу Хьэнифэ и цIэкIэ Налшык къалэм щыIэ Ислъам институтым и мыдрисэр къиухащ. Абы иужькIэ къуажэ Iимамым и къуэдзэу илъэсищкIэ щытащ. Иджы дин лэжьакIуэ нэхъыщхьэу ягъэуващ, хуэфащэу къуажэдэсхэм къалъытэри.

КъигъэщIэхъуакъым Токъмакъым жылэр, зэрыщыгугъауэ къыщIэкIащ. Къуажэдэсхэр щыгуфIыкIыу Iуэху щхьэпэхэр абы ирегъэкIуэкI. «Сэ жысIэр щIэи, сэ сщIэр умыщIэ» жызыIауэ щыта ефэнды нэпцIхэр лъэныкъуэ нэхъ зэрырагъэзрэ хэпщIыкIыу муслъымэныцIэр зэрылъапIэу щытар зэтрагъэувэж. Езы динырылажьэхэр щапхъэу зэрыщытыным къыхуриджэкIэрэ Iэуес гъуазэщ, пашэщ сыт и лъэныкъуэкIи.

Къулейсызхэм, хуэмыщIахэм зэрадэIэпыкъун Iэмалхэр хэкIыпIэхэр къегъуэт. Къапщтэмэ, нэгъабэ бжьыхьэм кIэртIоф къэп 40 къищэхури, псапэу игуэшащ. Ар щапхъэ яхуохъу къуажэм дэс нэхъ къулейхэми. Абыхэм ягу къегъэкIыж я мылъкум сэджыт хэтыкIын зэрыхуейр. Къулейсызхэм зэрадэгуэшэным теухуа лэжьыгъэфIхэр щапхъэ ещI.

Дин хуэIухуэщIэхэр, гуфIэгъуэ гуэрхэр щыIэу муслъымэныгъэкIэ егъэкIуэкIыныр къыщызэрагъэпэщкIэ, ахэр щызэхыхьэн щIыпIэр псоми я зэхуэдэу зэрыхъуным егупсысри, къуажэкум щыIэ мэжджытышхуэм метр 30 и кIыхьагъыу, метри 8 и бгъуагъыу гуэщышхуэ ягъэувыну зэгурыIуащ. Ар ящIын папщIэ Iэуес хьэрычэтыщIхэм захуигъэзати, псалъэ лей къыхагъэкIакъым, сыту жыпIэмэ и IуэхущIафэхэр нэрылъагъуу зэхьэлIар къуажэдэсхэрщ, абыхэм я зэхыхьэхэр дахэу, фIыуэ щытынырщ. Иджы а гуэщышхуэ ящIым и лъабжьэр гъэтылъыныр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ куэд зэфIигъэкIащ Сэрмакъ къуажэм щыщу хьэрычэтыщI Есэнкъул Iэуес. КъищынэмыщIауэ, и щхьэм тралъхьэну къэнжалхэмкIэ сэбэпышхуэ хъуащ БжэныкIэ Анзор, блыным папщIэ туфхэр къахуригъэшащ БжэныкIэ Арсен. ХьэрычэтыщI Пыл Мухьэмэди куэдкIэ защIигъэкъуащ.

Зи гугъу тщIы гуэщым хэтынущ пщэфIапIэшхуэ: мэл щаукIми, Iэщышхуэ къурмэн щащIми, зыхуей хуагъэзэн хуэдэу Iэхуитлъэхуиту щытынущ. Абы и къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэм жыджэру хэтщ Хьэмту Мухьэмэд-хьэжыр, Гуэнгъэпщ Резуан-хьэжыр, нэгъуэщIхэри. ТхьэлъэIушхуэ къуажэм щрагъэкIуэкI хъун хуэдэу, яухуэ гуэщыр мыгувэу хьэзыр хъунущ.

● Фи лъэIукIэ

# Жэпуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

| Махуэхэр | Пщэд-джыжьыр | Дыгъэр къыщы-щIэкIыр | Шэджа-гъуэр | Ичын-дыр | Ахъшэ-мыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, щэбэт | 04.33 | 06.03 | 12.06 | 15.23 | 17.47 | 19.27 |
| 2, тхьэмахуэ | 04.34 | 06.04 | 12.05 | 15.21 | 17.45 | 19.25 |
| 3, блыщхьэ | 04.35 | 06.05 | 12.05 | 15.20 | 17.43 | 19.23 |
| 4, гъубж | 04.37 | 06.07 | 12.05 | 15.19 | 17.41 | 19.21 |
| 5, бэрэжьей | 04.38 | 06.08 | 12.05 | 15.18 | 17.39 | 19.19 |
| 6, махуэку | 04.39 | 06.09 | 12.04 | 15.16 | 17.38 | 19.18 |
| 7, мэрем | 04.40 | 06.10 | 12.04 | 15.15 | 17.36 | 19.16 |
| 8, щэбэт | 04.41 | 06.11 | 12.04 | 15.14 | 17.34 | 19.14 |
| 9, тхьэмахуэ | 04.42 | 06.12 | 12.03 | 15.12 | 17.33 | 19.13 |
| 10, блыщхьэ | 04.44 | 06.14 | 12.03 | 15.11 | 17.31 | 19.11 |
| 11, гъубж | 04.45 | 06.15 | 12.03 | 15.10 | 17.29 | 19.09 |
| 12, бэрэжьей | 04.46 | 06.16 | 12.03 | 15.08 | 17.27 | 19.07 |
| 13, махуэку | 04.47 | 06.17 | 12.02 | 15.07 | 17.26 | 19.06 |
| 14, мэрем | 04.48 | 06.18 | 12.02 | 15.06 | 17.24 | 19.04 |
| 15, щэбэт | 04.50 | 06.20 | 12.02 | 15.04 | 17.22 | 19.02 |
| 16, тхьэмахуэ | 04.51 | 06.21 | 12.02 | 15.03 | 17.21 | 19.01 |
| 17, блыщхьэ | 04.52 | 06.22 | 12.01 | 15.02 | 17.19 | 18.59 |
| 18, гъубж | 04.53 | 06.23 | 12.01 | 15.01 | 17.17 | 18.57 |
| 19, бэрэжьей | 04.55 | 06.25 | 12.01 | 14.59 | 17.16 | 18.56 |
| 20, махуэку | 04.56 | 06.26 | 12.01 | 14.58 | 17.14 | 18.54 |
| 21, мэрем | 04.57 | 06.27 | 12.01 | 14.57 | 17.13 | 18.53 |
| 22, щэбэт | 04.58 | 06.28 | 12.01 | 14.56 | 17.11 | 18.51 |
| 23, тхьэмахуэ | 05.00 | 06.30 | 12.01 | 14.54 | 17.10 | 18.50 |
| 24, блыщхьэ | 05.01 | 06.31 | 12.00 | 14.53 | 17.08 | 18.48 |
| 25, гъубж | 05.02 | 06.32 | 12.00 | 14.52 | 17.06 | 18.46 |
| 26, бэрэжьей | 05.03 | 06.33 | 12.00 | 14.51 | 17.05 | 18.45 |
| 27, махуэку | 05.05 | 06.35 | 12.00 | 14.50 | 17.04 | 18.44 |
| 28, мэрем | 05.06 | 06.36 | 12.00 | 14.48 | 17.02 | 18.42 |
| 29, щэбэт | 05.07 | 06.37 | 12.00 | 14.47 | 17.01 | 18.41 |
| 30, тхьэмахуэ | 05.09 | 06.39 | 12.00 | 14.46 | 16.59 | 18.39 |
| 31, блыщхьэ | 05.10 | 06.40 | 12.00 | 14.45 | 16.58 | 18.38 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

● Хъыбар кIэщIхэр

### Италием и муслъымэнхэр

Италием щыпсэу муслъымэнхэр тхьэусыхащ къэралым дэт мэжджытхэр зэрымащIэмкIэ. КъызэралъытэмкIэ, къызыхуэтыншэу къэралым мэжджыти 8 щыIэу аращ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Италием ислъам диныр официальнэу зэрыщамылъытэращ.

Къапщтэмэ, Франджым мэжджыту - 2200-рэ, Великобританием 1500-рэ щыIэщ.

### ХьэщIэщ лъапIэ

Дуней псом нэхъ хьэщIэщ ин дыдэу тетыр Тхьэм фIыуэ илъэгъуа Мэккэ щIыналъэм дащIыхьащ. А хьэщIэщым «Абрэдж»-кIэ йоджэ. Ар илъэси 8-кIэ яухуащ икIи абы трагъэкIуэдащ доллар мелард 15.

Чэщанэ теплъэ зиIэ а комплексыр псэуалъих мэхъу. Псори зэхэту метр зэбгъуззнатIэу мелуанрэ мин щитхурэ еубыд. Абы зэуэ цIыху мини 100-м щIигъу щызэблэкIыфынущ. КъищынэмыщIауэ, абы фIэлъ сыхьэтышхуэр дуней псом щынэхъ ин дыдэщ. Километр тIощIкIэ упэжыжьэми, ар наIуэу уолъагъу.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



**ТхакIуэ цIэрыIуэ Къашыргъэ ХьэпащIэ къыщалъхуа махуэмкIэ йохъуэхъу.**

*Джэрмэншык къуажэ. 1974 гъэ, щэкIуэгъуэм и 14*

● Хъуэхъу

### *Зеикъуэ къуажэм щыщ ЖэпIу Борис Жамбот и къуэм къыщалъхуа махуэр нобэ егъэлъапIэ*



ПщIэ зыхуэсщI, фIыуэ слъагъу си анэ дэлъху Борис!

Уи Iэнэр берычэту, фIыгъуэр уи куэду, уи псэр къабзэу, уи гур зэIухауэ цIыхум уадокIуэкIри, абы и сэбэп къокIыну си гуапэщ. Ди ущиякIуэ, чэнджэщэгъу Iущым, цIыху щабэм, гуапэм сынохъуэхъу уи узыншагъэрэ гуащIэрэ мыкIуэщIу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым уи псэр игъэнэхурэ уи гум ехуэбылIэу куэдрэ упсэуну. Дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ уи куэду, гуауэр упэIэщIэу, дыбгъэгушхуэрэ удгъэгуфIэу, уи дунейр дахэу, уи пщIэр лъагэу, унагъуэ жьэгур мыужьыхыу уи щIэблэм яхуэпхъумэу куэдрэ укъытщхьэщытыну Тхьэшхуэм жиIэ!

**АТЛЪЭСКЫР Iэсият.**

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

# Мэзым лэжьыгъэхэр щокIуэкI

**IуащхьэмахуэлъапэиущIыуэпсщытыкIэрегъэфIэкIуэным и зэфIэкI псори ирехьэлIэ мы щIыналъэм и мэз хозяйствэм.**

ДУНЕЙМ и къэхъукъащIэхэм я зэранкIэ иужьрей илъэсхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ и мэзхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэту хуежьащ. Нэрылъагъуу захъуэж мы щIыпIэхэр зэрыкъулейуэ щыта къэкIыгъэхэми.

Дунейм и щытыкIэ зызыхъуэжым и зэран нэхъыбэу зэкIхэм ящыщщ псейщэхухэр. Абыхэм я пIэм уэздыгъейхэр къоувэ. Iуащхьэмахуэ лъапэ и экосистемэр хъумэным я зэфIэкI псори ирахьэлIэ мэзым и лэжьакIуэхэм. Зыхуеину техникэхэмкIэ къызэгъэпэща мехбригадэхэм тхьэмпэ пылъэлъыжыгъуэм ирихьэлIэу жыг хэгъукIахэр паупщIынурэ къыщIашынущ, жыг лъабжьэхэр ягъэкъэбзэнущ. Мы зэманым къудамэ гъуахэр къыгуэхынымкIэ лэжьыгъэхэр йокIуэкI. Куэд мыщIэу, жэпуэгъуэм ирихьэлIэу, гъэ къэси хуэдэу жыгыщIэхэм я хэсэным щIадзэнущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Гу зылъытапхъэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм инджылызыбзэкIэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;
- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтххэр тхьэмахуэм щэ къекIуэлIэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кIэ еджэнущ. Япэ дерсыр пщIэншэу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.

# Абазэ Раисэ къалъыхъуэ



Урысейм МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм къелъыхъуэ **Абазэ Раисэ Залымджэрий и пхъур**, 1985 гъэм шыщхьэуIум и 28-м къалъхуар, КъБР, Бахъсэн къалэ, Нэгумэм и уэрам, унэ №67-м щатхар. Ар ягъэкъуаншэ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и и 282-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьам къыхэкIыу икIи следствэмкIэ органхэм защегъэпщкIу.

Абазэ Р.З. и хэщIапIэр къэхутэнымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: - 8(8662) 42-20-28 (плъыр часть); 49-43-03; е нэхъ фпэгъунэгъу полицэм и къудамэм.

*Урысейм МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэ.*

● Футбол

# Жэпуэгъуэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

***Урысей Федерацэм и япэ дивизион***

***ЕпщыкIутхуанэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 2**

*(тхьэмахуэ)*

«СКА-Хабаровск» (Хабаровск) - «Волгарь» (Астрахань)
«Химки» (Химки) - «Зенит-2» (Санкт-Петербург)
«Тосно» (Тоснэ) - «Луч-Энергия» (Владивосток)
«Сибирь» (Новосибирск) - «Балтика» (Калининград)
**«Тамбов» (Тамбов) - «Спартак-Налшык» (Налшык)**
«Факел» (Воронеж) - «Тюмень» (Тюмень)
«Спартак-2» (Мэзкуу) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
«Сокол» (Саратов) - «Шинник» (Ярославль)
«Кубань» (Краснодар) - «Енисей» (Красноярск)
«Мордовия» (Саранск) - «Динамо» (Мэзкуу)

***ЕпщыкIуханэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 8**

*(щэбэт)*

«Зенит-2» -«Сибирь»
«Волгарь» - «Химки»
«Динамо» - «Кубань»
**«Спартак-Налшык» - «СКА-Хабаровск»**
«Балтика» - «Мордовия»
«Тюмень» - «Сокол»
«Енисей» - «Факел»
«Нефтехимик» - «Шинник»
«Спартак-2» - «Тосно»
«Луч-Энергия» - «Тамбов»

***ЕпщыкIубланэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 15**

*(щэбэт)*

**«Химки» - «Спартак-Налшык»**
«Сибирь» - «Волгарь»
«Тамбов» - «Спартак-2»
«Мордовия» - «Зенит-2»
«СКА-Хабаровск» - «Луч-Энергия»
«Сокол» - «Енисей»
«Тосно» - «Нефтехимик»
«Шинник» - «Тюмень»
«Факел» - «Динамо»
«Кубань» - «Балтика»

***ЕпщыкIуиянэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 22**

*(щэбэт)*

«Зенит-2» - «Кубань»
«Волгарь» - «Мордовия»
«Динамо» - «Сокол»
**«Спартак-Налшык» - «Сибирь»**
«Балтика» - «Факел»
«Тосно» - «Тамбов»
«Енисей» - «Шинник»
«Нефтехимик» - «Тюмень»
«Спартак-2» - «СКА-Хабаровск»
«Луч-Энергия» - «Химки»

***ЕпщыкIубгъуанэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 30**

*(тхьэмахуэ)*

«Сибирь»- «Луч-Энергия»
**«Мордовия»- «Спартак-Налшык»**
«СКА-Хабаровск» - «Тосно»
«Кубань» - «Волгарь»
«Химки» - «Спартак-2»
«Шинник» - «Динамо»
«Тамбов» - «Нефтехимик»
«Тюмень» - «Енисей»
«Сокол» - «Балтика»
«Факел» - «Зенит-2»

***Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат***

***ТIощIрэ еханэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 1**

*(щэбэт)*

«Велес» (Къэрэгъэш) - «Бахъсэн» (Бахъсэн)
«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Спартак-Налшык-Д» (Налшык)
«Союз-Сэрмакъ» (Налшык) - «Родник» (Псынэдахэ)
«Горис-179-Кавказкабель» (Прохладнэ) - «Бедик» (Аргудан)

**Жэпуэгъуэм и 2**

*(тхьэмахуэ)*

«Кэнжэ (Кэнжэ) - «Iэдииху» (Iэдииху)
«Нарт» (Нарткъалэ) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу)
«Тэрч» (Тэрч) - «Къэхъун» (Къэхъун)
«ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)

***ТIощIрэ еблэнэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 8**

*(щэбэт)*

«Родник» - «Автозапчасть»
«Спартак-Налшык-Д» - «Велес»
«Псыгуэнсу» - «Iэдииху»
«Къэхъун» - «Горис-179-Кавказкабель»

**Жэпуэгъуэм и 9**

*(тхьэмахуэ)*

«ЛогоВАЗ» - «Союз-Сэрмакъ»
«Бахъсэн» - «Тэрч»
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Кэнжэ»
«Бедик» - «Нарт»

***ТIощIрэ еянэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 15**

*(щэбэт)*

«Горис-179-Кавказкабель» - «Бахъсэн»
«Велес» - «Родник»
«Автозапчасть» - «ЛогоВАЗ»
«Союз-Сэрмакъ» - «ХьэтIохъущыкъуей»

**Жэпуэгъуэм и 16**

*(тхьэмахуэ)*

«Кэнжэ» - «Псыгуэнсу»
«Iэдииху» - «Бедик»
«Нарт» - «Къэхъун»
«Тэрч» - «Спартак-Налшык-Д»

***ТIощIрэ ебгъуанэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 22**

*(щэбэт)*

«ХьэтIохъущыкъуей» - «Автозапчасть»
«ЛогоВАЗ» - «Велес»
«Спартак-Налшык-Д» - «Горис-179-Кавказкабель»
«Бедик» - «Псыгуэнсу»

**Жэпуэгъуэм и 23**

*(тхьэмахуэ)*

«Союз-Сэрмакъ» - «Кэнжэ»
«Родник» - «Тэрч»
«Бахъсэн» - «Нарт»
«Къэхъун» - «Iэдииху»

***ЕщэщIанэ джэгугъуэ***

**Жэпуэгъуэм и 29**

*(щэбэт)*

«Горис-179-Кавказкабель» - «Родник»
«Велес» - «ХьэтIохъущыкъуей»
«Автозапчасть» - «Союз-Сэрмакъ»
«Псыгуэнсу» - «Къэхъун»

**Жэпуэгъуэм и 30**

*(тхьэмахуэ)*

«Iэдииху» - «Бахъсэн»
«Нарт» - «Спартак-Налшык-Д»
«Кэнжэ» - «Бедик»
«Тэрч» - «ЛогоВАЗ»

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур жэпуэгъуэм и 1-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.538
Заказ №1526